ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№69 (21.977) ● 2011 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 22, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр Хъуэкіуэн М. Хь. фІэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Зи ІэщІагъэм кууэ хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырын Іуэхум хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм, апхуэдэуи илъэс куэд къуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр фІэщым **Хъуэкіуэн Мурат Хьэзрэталий и кьуэм** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щат гъэуцуа Іуэхущ1апІэм и физикэ факультетым теоретическэ физикэмкІэ и кафедрэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м
№43-УП

Къанокъуэ Арсен тутнакъэщым йоплъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ щыІащ Тезырхэр егъэпшынынымкІэ федеральнэ кІуэлыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Федоров Василий Президентыр щыгъуазэ ищІащ щыхьэуащІм, абы и Іыхьэ щхьэхуэхэм щыІэ щыгтыкІэм. КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур республикэм и Іэтащ1хэм жриІащ ягъэтІысхэм я тхьэусыхафхэм япкъ иткІэ, КъБР-м и прокуратурэм кьэпщытэныгъэхэр зэрыригъкІуэкІар. Абыхэм кІыьзэрагъэльэгъуакІэ, тутнакъэщым и лэжьакІуэхэр законым текІыркъым, тхьэусыхафхэми тІьабжьэ яІэжьхьм.

Къанокъуэ Арсен Іуэхущ1апІэр кьыззэикІухьащ икІи зи Іуэхуэхэр зэхагъэкІэрмрэ суд зытращІыхьхэмрэ я псэкІэм езым и щхьэкІэ щыгъуазэ зищІащ. Мы Іуэхущ1апІэр зэращІрэ куэд щІакъым икІи абы щаІыгъэр зыхуеину псомкІи кьыззгъэпэщащ. Президентыр щхапІэмэ щыІащ1 икІи абы ефІэкІуа Іуэхущ1апІэм и щхьэкІэ щыгъуазэ зищІащ. Илъэгъуа псоми теухуауэ республикэм и Іэтащ1хэм зыми дагъуэ хуищІакъым. Ар ягъэтІысахэм ящІыщ зыбжанэмэ яхуэзащ, Абыхэм щепсальэм, Президентым зыри кьыхуэтхьэусыхакъым.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Дыгъуасэ

Къэрал Думэм и депутатхэри хэту

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгы-металлург комплексым зэрызэпкъыныр теухуауэ ягъэхьэзыра концепцэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ. Абы хэтащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэу Варшавский Вадим, Гасанов Жэмал, нэгъуэщІ щыпІэхэм щыщ Іэщ1агъэлІ Іэзэхэр.

- Варшавский Вадим и жэрдэмкІэ, нобэрей зэІущІэм щыІэпкърытхыну ди мурадщ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр егъэжьэкыным теухуауэ я пІэ игъэщІынхъэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр. Псом япэу щІым и гъэтІылъыгъэхэм елэжьыну компаниием и кьыззгъэпщыкІэ хьунумрэ абы хьыхьэнухэмрэ дгъэбелджылыпхъэщ. Апхуэдэу экологием ехьэлІа Іуэхуэхми, дызыхуеят тхьилъхэр зэрыдгъэхьэзырыну щыкІэми дытепсэлъыхьынущ. Республикэм и Правительствэм а псоми пэублэу щыхэпльащи, абыхэм щыгъуазэ зыхуэтщІынущ, - кьыхигъэщащ Президентым зэІущІэр кьыщыгъэІуихым.

Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Уnapев Казым**кэн цепцэм щыубзыхуа Іуэхуэгъэ нэхъыщхьэхэм, ахэр ягъэзэщІэн папщІэ эффагъэкІыну кьапэщытхэм зэхуэсасхэр хигъэгъуэзащ.

Къэрал Думэм и депутат **Варшавский Вадим**, Урысейм Техникэ кІэлъыплъныгъэмкІэ и Іэнатіэм и щыналъэ кьудамэм и унафэщІ **Отаров Къурмэн**, республикэм щІыуэпсэхэр кьэпъэсэбэзыпынымкІэ и управленэм и Іэтащхьэ **Емкьуж Альберт**, нэгъуэщІхэри хэхауэ екьутеувыІащ комбинатыр зэтетсэуувэжьыным хэль гугъуехьхэмрэ ахэр кьыззэнэкІынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ.

Зэ1ущ1ым хэтащ республикэм КъБР-м и премьер-министр **Гертер Иван,** Президентым и Администрацэм и Іэтащ1хэ **Жамборэ Владимир,** Правительствэм и Тхьэмадэм и и япэ кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Абрэдж Іэдиб,** Іуэхуэр зэгъэщІылІа министрхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Урысей парламентаризмэр илъэси 105-рэ ирокъу

Зеужь, нэхъ лъэщ мэхъу

УРЫСЕЙМ и япэ Къэрал Думэр Николай ЕтІуанэм и манифестым ипкъ иткІэ законхэр кьыдэзыгъэкІ икІи лІыкІуэ органу 1905 гъэм и жэпуэгъуэм кьызэрагъэпэщауэ щыгтащ. Ар законхэм я проектхэм хэпльэрт, иужькІэ Къэрал Советыр тепсэлъыхьын икІи пащтыхым кьищтэн папщІэ. Законхэр кьыдэзыгъэкІ апхуэдэ орган Урысейм кьыщыззгъэпэщыныр езы тхыдэм и екІуэкІыкІэм кьигъэуват. Абы и лъабжьэр ягъэхьэзыращ куратт лІэщІыгъуэхэм щыІа Вечем, абы кьыкІэлъыкІуа земскэ соборхэм, мыхьэнэшхуэ зиІэ зэхъуэкІыныгъэу XIX лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм ирагъэкІуэкІахэм. Урысейм и кьекІуэкІыкІам хыболъагъуэ лъэпкъыр щІыхуэбэм и власть гъэувыным, щхьэхуиту псэуным хущІэкъуэ зэпыту зэрыщытыр.

Къэрал Думэм и япэ зэІущІэр 1906 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м Таврическэ пащтыхь унэм щрагъэкІуэкІауэ щытащ. Революцэм и пэкІэ щыІа Къэрал Думэм щызэтеуващ иджыри парламентаризмэм и хабзэхэм ящыщ куэд: партхэм я фракцэхэр, депутат упщІэхэр правительствэм хуегъэхьыныр, правительствэм и мурадхэм ятеухуауэ премьерхэр депутатхэм я пащхь кьыщыпсэльныр, пленар зэІущІэхэр зэІуахауэ егъэкІуэкІыныр. Думэм зиужь зэпытт, ар щІыхухэм я хуитныщхьэхэм зетхъутэгъуным, абыхэм щхьэхуитныныгъэ нэхъыбэ етыным хуущІэкъурт. Кьапщтэмэ, Думэм и жэрдэмкІэ щІыхуэбзэмрэ щІыхуэхьуэрэ хуитныныгъэкІэ зэхуэдэ ищІауэ щытащ ПІалъэкІэ кьызэрагъэпэща правительствэм. Ар дуней псом кьыщымыхьхуауэ, демократием и екІуэлІэныгъэ инт.

1917 гъэм коммунистхэм я тепщэныгъэ зэрагъэувам кьыхэкІыу демократием и Іуэхущ1апІэхэм я зыужьныгъэр илъэс 70-м нэскІэ кьызэтеувыІащ, абы парламентаризмэм и лъабжьэр щІиудащ. Апхуэдэу щыт пэмми, политикэ демократиемрэ парламентаризмэмрэ я кьуэпсэхэр урысей гъащІэм кьыхэнащ икІи абыхэм зыкьаужьыжу щІадащ XX лІэщІыгъуэм и 80 - 90 гъэхэм, совет къэрал ухуэкІэм демократием и хабзэхэр щыпхагъэкІыу хуэежьа нэужь. Япэ щІыкІэ а Іуэхур икьукІэ щІэгъэхуэбжьауэ, ауэ мамыру щекІуэкІащ СССР-мрэ РСФСР-мрэ я Совет Нэхъыщхьэхэм я съездхэм. Ауэ 1993 гъэм и жэпуэгъуэм совет хабзэхэмрэ демократием и кьаруэфмрэ ткІийуэ зэпэщІуэващ. Абы щІигъэпсынщІащ урысей къэралыгъуэм и лъэхъэнэщІэр зэрызэтеувэр. А къэралыгъуэм и хабзэ лъабжьэхэр щІигъэбыдащ Урысей Федерацэм и Конституцэу 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м ирагъэкІуэкІа къэралпсо референдумымкІэ кьащтам.

Урысей парламентаризмэм и зыужьыкІэм Іупщ1у кьыболъагъуэ XX лІэщІыгъуэ псом ди къэралым кьикІуа гъэзэгуанэр. Апхуэдэ дыдэщ хьуэмрэ хуитныныгъэкІэ зэхуэдэ ищІауэ щытащ ПІалъэкІэ кьызэрагъэпэщащ правительствэм. Ар дуней псом кьыщымыхьхуауэ, демократием и екІуэлІэныгъэ инт.

1917 гъэм коммунистхэм я тепщэныгъэ зэрагъэувам кьыхэкІыу демократием и Іуэхущ1апІэхэм я зыужьныгъэр илъэс 70-м нэскІэ кьызэтеувыІащ, абы парламентаризмэм и лъабжьэр щІиудащ. Апхуэдэу щыт пэмми, политикэ демократиемрэ парламентаризмэмрэ я кьуэпсэхэр урысей гъащІэм кьыхэнащ икІи абыхэм зыкьаужьыжу щІадащ XX лІэщІыгъуэм и 80 - 90 гъэхэм, совет къэрал ухуэкІэм демократием и хабзэхэр щыпхагъэкІыу хуэежьа нэужь. Япэ щІыкІэ а Іуэхур икьукІэ щІэгъэхуэбжьауэ, ауэ мамыру щекІуэкІащ СССР-мрэ РСФСР-мрэ я Совет Нэхъыщхьэхэм я съездхэм. Ауэ 1993 гъэм и жэпуэгъуэм совет хабзэхэмрэ демократием и кьаруэфмрэ ткІийуэ зэпэщІуэващ. Абы щІигъэпсынщІащ урысей къэралыгъуэм и лъэхъэнэщІэр зэрызэтеувэр. А къэралыгъуэм и хабзэ лъабжьэхэр щІигъэбыдащ Урысей Федерацэм и Конституцэу 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м ирагъэкІуэкІа къэралпсо референдумымкІэ кьащтам.

Урысей парламентаризмэм и зыужьыкІэм Іупщ1у кьыболъагъуэ XX лІэщІыгъуэ псом ди къэралым кьикІуа гъэзэгуанэр. Апхуэдэ дыдэщ иджыпстуи. 90 гъэхэм екІуэкІа политикэ зэныкъэкъыщхьэхэр, властым и кьудамэхэм я зэпэщІэтыныгъэхэр щыІэжкъым. Парламентым и лъэкъэкІэри ещхьыжкъым илъэсищІ хуэдиз ящхкІэ зэрыщытам. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, зэныкъэкъу гуэрхэр щымыІэу кьанэркъым, ауэ ахэр зыхуэунэтІар Іуэху пыухыкІаэр дгъэзекІыныр щІ. Къэрал политикэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауи Парламентыр, Президентыр, Правительствэр зэгурыІуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и парламентаризмэм и тхыдэр кьащтэмэ, абы кьуэпс кууэр кьэр иІэщ. Жылагъуэ демократием и мардэхэр мымащІэу хэтщ ди лъэпкъхэм кьадэгъуэгурыкІуэ нарт эпосым. Республикэм иджыпсту щызэтеува парламентаризмэм и гугъу ищІымэ, абы и мардэхэр кьыгуэхьпІэ имыІэу ящыщІащ XIX-XX лІэщІыгъуэхэм я зэблэкІыгъэм Урысейм щекІуэкІа политикэ Іуэхухэм, Къэрал Думэр кьыщыззрагъэпэща лъэхъэнэм абы Кавказым ис лъэпкъхэм я лІыкІуэхэр зэрыхэтам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым законхэр кьыдэзыгъэкІ, лІыкІуэ орган нэхъыщхьэ зэрыщызэтеувар республикэм и административно-политикэ зыужьныныгъэм и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэхъэнитІым - 1936 - 1937 гъэхэм екІуэкІа Конституцэ реформэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым республикэм и статус кърату ар къэрал щхьэхуэу Урысей Федерацэм зэрыхьхьамрэ - быдэу яныщІащ.

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэр КъБАССР-м и япэ Конституцэр и лъабжьэу кьызэрагъэпэщащ икІи ар законхэр кьыдэзыгъэкІ икІи кьэщыгъакІуэ органу ягъэуващ. Совет Нэхъыщхьэр ди къэралыгъуэм и лІыкІуэ, законхэр кьыдэзыгъэкІ, кьэпщытакІуэ органым кьыщымынэу, абы и унафэм щІэтт республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ-унафэщІ орган нэхъыщхьэр.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

● Правительствэм и КъБР-м

Зи улахуэр мащІэхэм хухагъахъуэ

КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыращ отраслевой лэжьапщІэ тыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэзыльхьэ унафэм и проектыр. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министр Любоев Альберт зэрыжиІамкІэ, иджыпсту биоджет Іуэхущ1апІэхэм я лэжьапщІэр ящыщ иту иратыну лэжьапщІэр кьыщабжкІэ кьалъытэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ хущІагъу ахьщэр, абыхэм федеральнэ дэІэпыкъуныгъэхэри хэту.

ЛЭЖЬАПЩІЭМКІЭ фондыр нэхъ захуагъэ хэлъу трагуэшэн папщІэ, Правительствэм апхуэдэ ахьщэхэр хэмыту улахуэр кьабжьыну триухуащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Абрэдж Іэдиб жиІащ а Іуэхур и нэхъыбапІэкІэ егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хьумэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм хуэгъэзауэ зэрыщытынур: «Бюджет Іуэхущ1апІэхэм лэжьапщІэмкІэ я фондхэм зы соми кьыкІэрачынукьым - кьыдагъахуэ ахьшэр нэхъ мащІэ дыдэ зыІэрыхьэ лэжьакІуэхэм трагуэшэну араща». Мы унафэм ипкъ иткІэ апхуэдэу Іэщ1агъэмкІэ ящыщ1ащ1 ящІыгъуэ щыІэ лэжьакІуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ езыт Іуэхущ1апІэхэми.

Правительствэм апхуэдэу унафэ зыбжанэ кьищтащ гугъуехьэм хэхуа цІыхуэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ хущІагъу ахьщэри, абыхэм федеральнэ дэІэпыкъуныгъэхэри хэту.

КъБР-м и Правительствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Нэхъыжьхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ

ирагъэкІуэкІа щэбэт щІыхьэхум респуб-ликэм и цІыхуу мини 110-м щІигъу хэтащ

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм кьыщапщытэжащ нэхъыжьхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м ирагъэкІуэкІа республикэпсо щэбэт щІыхьэхум кьрикІуахэр. А махуэм езыхэм я лэжьапІэ Іэнатіэм пэрытащ е жылагъуэхэм я щІыналъэхэр ягъэкъэбзащ цІыху 110762-м. Зэкіэ кьызэрабжамкІэ, абыхэм сом мелуани 8-мрэ мин 394-рэ кьалэжьащ.

Щэбэт щІыхьэхум кьыщалэжьа ахъшэр Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэм, хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэхэм хуагуэшынущ.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Адыгэ усыгъэм и пшыхь

● Хъыбар гуапэ

УРЫСЕЙ щэнхабзэр хъумэныкІэ Лондон дэт «Пушкиным и унэ» зыфІаща центрым щекІуэкІащ къэбэрдей уэкІуэ Бэлагъы Любэ и пшыхь. Любэ мыбы ирагъэблагъэным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ центрым и лэжьакІуэхэр зыхэпльа икІи гулытэ ин зыхуащІа и усэ тхыльхэр. Абыхэм ящыщщ «Пащтыхь гуащэ», «Сэ адыгэбзэщ тхьэ сызэрельэІур» фІэщыгъэхэм щІэту ильэс зыбжанэ и пэкІэ дунейм кьытехьа и Іэдакьэщ1экІ купщІафІэхэр. Тхьильеджэхэр дызэрыщыгъуазэщи, европей утыкум ихьэфа Любэ и усэхэр теухуащ ди адыгэ лъэпкъым и тхыдэ кьулейм, гурыгъу-гурыщІэ кьабзэхэм. Бэлагъым хуэзэфІэкІащ лъэхъэнэ жыжьэхэм усыгъэм и макъамэ дахэкІэ ятпэджэжьи. Лондон щекІуэкІа адыгэ усыгъэм и пшыхьым хэтахэщ Кембридж, Лондон я университетхэм кьикІа щІэныгъэлІхэр, Урысейм и посольствэ Иджыльысым щыІэм и лэжьакІуэхэр, бзэ щІэныгъэмкІэ колледжэм я егъэджакІуэхэр.

Пшыхьым кьекІуэлахэм я пащхьэм Бэлагъыр адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ кьыщеджащ «Сэтэней» поэмэм, гурыщІэм, гъащІэм теухуауэ итха усэхэм. Псом ящхьэращ, щІыналъэ жыжьэм кьыщІуа адыгэ усэ щэрыуэхэм яхуэфэщэн фІэхэр. Тхьильеджэхэр дызэрыщыгъуазэщи, европей утыкум ихьэфа Любэ и усэхэр теухуащ ди адыгэ лъэпкъым и тхыдэ кьулейм, гурыгъу-гурыщІэ кьабзэхэм. Бэлагъым хуэзэфІэкІащ лъэхъэнэ жыжьэхэм усыгъэм и макъамэ дахэкІэ ятпэджэжьи. Лондон щекІуэкІа адыгэ усыгъэм и пшыхьэ хэтахэщ Кембридж, Лондон я университетхэм кьикІа щІэныгъэлІхэр, Урысейм и посольствэ Иджыльысым щыІэм и лэжьакІуэхэр, бзэ щІэныгъэмкІэ колледжэм я егъэджакІуэхэр.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Мысратіэ зыщІэлъэІур

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ ІэнатІэм кьыззритымкІэ, адыгэ куэд щыпсэу МысратІэ кьалэм зыкьыщызыІэтауэ я къэрал унафэщІ Каддафи Муамар еазуэхэм «Франджымрэ Инджылызымрэ кьыхуараджащ Ливием кьытеуэну, мамыру псэу щІыхуэхэр разрадзэн щапІэ».

«Мазаем и 17-м и революцэ» зэгуэхьныгъэм и лІыкІуэ Хадия Ахьмэд зэрыжиІэмкІэ, полковник Каддафи Муамар и унафэ щІэт артиллериер дыгъуасэ гущІэгъуншэу топышэкІэ хэуащ МысратІэ и кьалэкумрэ и ищхьэрэ-кьхьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ куейкэмрэ.

Щыхуэр мамыру щыпсэу районхэм зэреуар танк топышэхэмрэ «Град» системэкІэщ. Иужьрей жэщ-махуэм МысратІэ зыхъуэмэхэм танк 30 зэрагъэсам, сэлэт 15 зэраукІам, иджыри 40 гъэру зэраубыдам и жэуапу, Каддафи и Іэмалращ кьинъэсэбэнар.

Франджым Ливием егъакІуэ и зауэлІу 10 хуэдиз, Каддафи пэщІэтхэм чэнджэщкІэ ядэІэпыкъун папщІэ. Франджы правительствэм и лІыкІуэ Баруэн Франсуа зэрыжиІэмкІэ, абы я лъэсырыдзэр Ливием щызэхуэнукъым.

Мамыр хъужкъым

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ ІэнатІэм дыгъуасэ кьыззритымкІэ, Сириемрэ и МВД-м кьэралыр зэпІэзэрыт хьэжьиу щІыхуэхэр ухрамхэм щызэхуэс мыхьэну унафэ кьыщта пэтми, кьалэ нэхъ нихым нэкІу щекІуэкІ зэпытщ.

Сириемрэ и промышленностым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Хомс кьалэм аргуэру пэкІушхуэ щызэхэтащ. Абы кьекІуэлІахэр правительствэр ягъэпуду зэрыгъэкІийрт. А пэкІуэ хэтащ мусльымэнхэри, чристэнхэри. Абыхэм Іупщ1у жаІащ «Мусльымэн зэкъуш», «Салафит», нэгъуэщІ экстремист зэгуэхьныгъэхэм (кьаугъэр зэщІэзыгъэсту кьалъытэхэм) япщІауэ зэрыщымытыр, я Іуэху еплъыкІэр мамыру кьаІуэтэн папщІэ зэрызэхуэсар. Хомс щыпсэухэм даІыгъащ гъубж жэщ-махуэр щыІэр щыгъэграхум хэкІуэда щІыхуэм я фэеплъу оппозицэм кьызэригъэпэщ забастовкэр.

И инагъкІэ Сириемрэ и етІуанэ кьалэ Алеппэ арагуэру зыкъыщащІэтащ студентхэм. Абыхэм «Хъэрыпхэм я социалист кьэщІэрэщІэжьныгъэмкІэ» партым и кьалэ комитетыр щылажьэ унэмкІэ яунэтІат, арщхьэкІэ полицэр я гъэугум кьащ1ыпэурэ, хьэфэ бжэгъукІэ студентхэр зэхаубэрэжьащ, щІыху 37-рэ яубыдащ.

Шэр зэрысэбэпыр

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащІэ ІэнатІэм кьыззритымкІэ, шІэуджьжьыщхьэ зэманым махуэ кьыз зы щэ стакан ипфиц абы шэджагъуащхьм щыхьр гъэмащІэ.

А Іэмалыр кьахутащ Австралием и щІэныгъэлІхэр егъэлеяуэ пшэрхэм здеІэзэм. КьэщІыгъэныгъэхэр ІыхьитІу ягуэшащ. Япэ Іыхьэм гупыр пщэдджьжь кьэс ирагъэфащ шэ щІэхуэуэ гранм 500 хуэдиз. ЕтІуанэм - шэр зэрахьуэкІащ абы и кьуат 250-м хуэдиз зыщІэлъ пхьэщхьэмыщхьэпскІэ.

А кьэщІыгъэныгъэм кьызэригъэлъэгъуамкІэ, шэ щрафа махуэхэм абыхэм шэджагъуэм яшхыр ягъэмащІэрт, щІэх я ныбэм из хъуртри.

- Шэм кьэуат щІэлъщ. ЦІыхуэм нэхъ псынщІэу щхынкІэ зегъэнщІ, ар ирифмэ. Ар сэбэп хъуащ цІыхуэхэр нэхъ псынщІэу гъур хъунымкІэ,- жеІэ гупым и унафэщІ Лаукридж Дианэ.



◆ЩІым и дунейпсо махуэу ООН-м игъэуващ 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м.

◆ЩІым и экологием и дунейпсо махуэщ

◆1870 гъэм кьалъхуащ Ленин (Ульянов) Владимир. 1924 гъэм дунейм ехьжащ.

◆1886 гъэм кьалъхуащ бзэщІэныгъэлІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Елбэд Хьэсэн.** 1968 гъэм дунейм ехьжащ.

Дунейм и щытыкІэмур: «metеonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ уэшх кьешхынущ, хуабэр махуэм градуси 7-м , жэщым градуси 5-м нэсынущ.

Плазмэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

Дунеижьыр зэрыкІуэр адэжьхэм я гъуэгущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ зыІэрыхьэхэм ящІэн папщІэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэ зэгуэтым и кьудамэу КъБР-м щыІэм 2011 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэным мэлыжьыхьым и 1-м щІидзащ. Мы лэжьыгъэр пощт Іуэхущ1апІэ псоми щекІуэкІынущ. Абыхэм я лэжьакІуэхэм цІыхуэхэм Іэ зыщІадза газетхэмрэ журналхэмрэ и зэманым унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщІыхьыж хъунущ езы пощт Іуэхущ1апІэхэми.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тедзэным пыща Іуэхуэхэм зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщІыфщІ хъунущ связым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

«Урысейм и пощт» ФГПУ-м и къудамэу КъБР-м щыІэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджькІакІуэ лъапІэхэ!

Мазихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Адыгэ усыгъэм и пшыхь

● Хъыбар гуапэ

УРЫСЕЙ щэнхабзэр хъумэныкІэ Лондон дэт «Пушкиным и унэ» зыфІаща центрым щекІуэкІащ къэбэрдей уэкІуэ Бэлагъы Любэ и пшыхь. Любэ мыбы ирагъэблагъэнымэ щхьэусыгъуэ хуэхъуащ центрым и лэжьакІуэхэр зыхэпльа икІи гулытэ ин зыхуащІа и усэ тхыльхэр. Абыхэм ящыщщ «Пащтыхь гуащэ», «Сэ адыгэбзэщ тхьэ сызэрельэІур» фІэщыгъэхэм щІэту ильэс зыбжанэ и пэкІэ дунейм кьытехьа и Іэдакьэщ1экІ купщІафІэхэр. Тхьильеджэхэр дызэрыщыгъуазэщи, европей утыкум ихьэфа Любэ и усэхэр теухуащ ди адыгэ лъэпкъым и тхыдэ кьулейм, гурыгъу-гурыщІэ кьабзэхэм. Бэлагъым хуэзэфІэкІащ лъэхъэнэ жыжьэхэм усыгъэм и макъамэ дахэкІэ ятпэджэжьи. Лондон щекІуэкІа адыгэ усыгъэм и пшыхьэ хэтахэщ Кембридж, Лондон я университетхэм кьикІа щІэныгъэлІхэр, Урысейм и посольствэ Иджыльысым щыІэм и лэжьакІуэхэр, бзэ щІэныгъэмкІэ колледжэм я егъэджакІуэхэр.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Зеужь, нэхъ лъэщ мэхъу

(КІэухмр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Ильэс тІощІым щІигъ ящэкІэ къэралым и политикэр яхъужу зэрыщІадзам къэрал властым и къызэгъэпэщыкІэм куэд щІэуэ хилъхьаи. Урысей Федерацием и Конституциер 1993 гъэм къащтам щІигъэбыдащ демократие хабзэхэм тет къаралыгъуэм и политикэ лъабжьэр икІи ар къежьапІэ хуэхъуащ Урысейми хэхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрми иджырей парламентаризмэм зыщегъэужьыным. БлэкІи лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм жылагъуэ-политикэ, экономикэ щІыгъуэ гугъу щыІа пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм езым и уиныпІэ псынщІэу зыгъэхьужэ Урысейм щІыбыдащ икІи абы щІыгъуэ теуваи демократие зэхъуэкІынымкІэм, граждан жылагъуэр зэтегъэувэным, Законым и къарур къэІэтыным я гъуэгум.

Властыр зэрыуба щытыкІэ гугъуэм кІыхьымкІэ, къаралыгъуэ зэтегъуэвэжьымкІэ, хабзэ мардэхэр я лъабжьэу жылагъуэ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэхъэнэу ираш Федеративнэ зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрыщІадзар, КонституциощІэ къыращтар, республикэм и ягъэ Президентыр щІыхьэм Іэ Іэткіэ зэрыхахар, зи хунтыныгъкІэ хэхуэр Парламентым и депутатхэр тІу - РеспубликэмкІэ Советрэ ЛІыкІуэхэмкІэ Советрэ - зиІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентыр тхыдэм щыяпэу зэрыхахыр. ПалатитІ хъу Парламент къыщІызэрагъэпэщам и щхьэусыгъуэр жылагъуэ политикэ щытыкІэр зэпІэзэхэзэрыт щІыжьи, лъэпкъхэм, апхуэдэу республикэм щыІэ районхэм щыпсэухэм я сэфэн зыхэлъхэр зэхуэгъэхьун зэрыхуейр.

ЛъэпкъІуэхуэхр дэгъэжІыныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъабжьэуэ уваи Парламентым конституцие орган - Лъэпкъхэм я зэхуэщытыкІэхэмкІэ комитет кьыззэрыщІэзэрагъэпэщар. Абы я бжыгъэкІэ зэхуэдэу адыгэ, балъкэр, урыс лъэпкъхэм ящыщ депутатхэр хагъэхьащ. А депутат гупхэм ящыщ дэтхэнэ зыщыІуэжьымрэ хъунуи лъэпкъхэм я языхэзым и хунтныгъэхэр зыгъэмащІэу ежьащ къальытэ закон пыухыкІар кьызэтегъэувыІэным е законопроектым зэхпІэнэр кьызэтегъэувыІэным тегъэуэу.

Жылагъуэ, политикэ зэхуэщытыкІэхэр зэрыщэтеувэжам, апхуэдэу федеральнэ законодательствэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам къыхэкІыу властым законхэр кьыдэзыгъэкІи къудамэм и лэжьэкІэри яхъужащ. 2003 гъэм и дыгъэгъазэ маэмм ди деж щыхахащ зы палатэ хъу Парламентыр.

«Политикэ партхэм я Іуэхуэкі» Федеральнэ законыр кьызэращтар сэбэп хъуащ жылагъуэм и политикэ хуэхэр егъэфІэкІыжынымкІэ. А законым ипхъ ит КІэ республикэм хэхыныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну унафэ кьыщащтам ирихьэлІэу ди деж щатхащ республикэм и Парламентым щыхахІэ парт списокэр зэрызырыну хунтныгъэ зиІэ, урысейпсо политикэ партхэм я щІыналъэ кьудамэу 32-рэ. Абыхэм ящыщу хэхныгъэм ирихьэлІэу спискэр къэзытар 6 къудейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и щэнэ зэхуэсыр хэхьныр хабзэ зэхэдзам тету къызэрагъэпэщащ: депутат 55-р ди мандат хэхьлІэ округхэм, депутат 55-р округ зэгуэным щыхахащ, хэхакІэу зэгуэхьныгъэхэмрэ хэхакІуэ блокхэмрэ депутатхэм я кандидатхэм я спискэу кьатахэм папщІэ щыхуэхэм Іэ зэрэІэтам тещІыхьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и иджырей еплІанэ зэхэсым (2009 - 2014 гъэхэм) и депутатхэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м хахащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьным и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу политикэ партхэм кьыхалъхьахэм яжь итКІэ. Щ1ыхуэхэм Іэ зэрэІэтар кьащІыгъэжри, депутат мандату 72-р зэпагэщащ политикэ партхэм я щІыналъэ кьудамэу хэхакІуэхэм я процентэ 7-м щІигъуэ Іэ щІаІэтахэу 4-м. «Урысей Федерацием и Коммунист партыр» (мандати 6), «Урысей и либерал-демократие партыр» (мандати 5).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъэр зэрыхъур зы палатэщ, абы и депутат 72-м ящыщу 18-р законхэр кьыдэзыгъэкІ органым зэпымыууэ щолажь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр, Унафэщ1ым и я1э къудэгъэр, Унафэщ1ым и къудэгъэ тІу, Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ комитетыр, комитет зэмылІэужьыгъуэ 15.

Тхыдэм и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, ГъэсугъанэкІыхь кьымыкІуами, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэрым и иджырей къэралыгъуэ зэтегъэувэнымрэ гъэбыдэнымкІэ, щІыхуэхэм езыхэм я конституцэ хунтныгъэхэмрэ щхьэхунтныгъэ зиІэхэм щыпсэуну-экономикэ зэфІэкІхэр нэсу кьэгъэсэбэпыным щІыкІэ икъукІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ.

Парламентаризмэм и мызакъуэу, зэрыщІу жылагъуэми дяпэкІэ зегъэужьынымкІэ кьыпхуэмылытэным хуэдиз мыхьэнэ яІэщ тхыдэм и дерэжьэ джыным, дяпэ итахэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм пщІэ хуэщІыным. Абы кьыхэкІыу Урысейми, хэхуэу кьащтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми парламентаризмэм зыщегъэужьыным хуэгъэза лэжьыгъэр тещІыхьащ папщІ эмылІэужьыгъуэгъэр щыздэлажьэ системэ зэпІэзэрыт зэтетхъуэвэным. Аращ къэралым и зыужьныгъэр япэкІэ зыгъэкІуэтэнур, щІыхуэм я фІэфІыныгъэм тещІыхьа унафэхэр пхызыгъэкІыну власть нэс кьызэзыгъэпэщынур.

ЧЕЧЕНОВ Ануар,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1.

● Сенаторым и зы махуэ

Щ1ыхуэхр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщыным и мыхьэнэр апхуэдизкІэ гурыІуэгъуэщи, абы ущІытепсэлъыхьыхьхэни щыІэкъым

«Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ политикэ советым щыщ Федерацэмкіэ Советым хэт Бечелов Ильяс а партым и Іэтащхьэ Путин Владимир и жылагъуэ Іуэхущапіэм щ1ыхуэхр щригъэблэгъащ езыхэм я щхьэ ІуэхуэмкІэ.

ЗЭІУЩІЭХЭМ щ1ыхуиблым я лъэІуэхэм щ1ыхэплъащ. А псори сенаторым езым и нэІэм щІигъэуващ. А махуэм Кьуўлъкьужьи Ищхьэрэ кьуэжьэм щ1ыщ щ1ыху кьэдЗэІуащ зэфэн псыкІэ кьызэгъэпэщыным и Іуэхур зэфІахьыным теухуауэ кьадЗэпыкъуну. Илъэс куэд хуьауэ абыхэм псыр кьрах езыхэм я унэхэм япэжьыжьэ дыдэ щ1ыпІэм. Аэр зыщ1ыпсэу хьэблэм псы кьыщІэщыпІэ щаубрууауэ щытащ, арщ1ьхэкІэ абдеж Іуэхур кьыщ1ыэтеувыІащ.

«Мы Іуэхур зэфІэдгъэкІыным дегугъунщ. Дэ псоми яжеГащ ресурбликэм и жылагъуэ псори псыкІэ иринкъуу кьызэгъэпэщауэ, арщ1ьхэкІэ, кьызэрыщІэкІымкІэ, Іуэхур апхуэдэуэкІым зэрыщ1ытыр», - жиІащ сенаторым икІи кьыгъэгугъащ иджы республикэм кьыщ1ыкІуэжкІэ а къуажэм кІуэуэ ёаэтащ Іуэхум ещхьэпІа лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІым кІэлъыплъыну.

Палашык къалэм и Александровкэ хьэблэм щ1ыпсэу ц1ыхубз 6 гупми сенаторым зыкъыхуагъэзащ. Щ1ыпІэм псы фІей изыш щІы щІагъ бжьамий щІалъхьэн хуеящ 2009 гъэм. Ткъыть псори хьэзырыщ, хьэблэм щ1ыпсэуэхри арэзыщ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм пэкІэуну ахъшэм щ1ыщ Іыхьэ хагъхьэну. Мы Іуэхум теухуауэ ТхьэрЗ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым хуагъэкІынущ.

Іуащ1ьэмахуэ куейм и щІыпІэ самоуправленэм и депутатхэр мэтхьэусыхэ «Бахъсэн Азау» федеральнэ автомобиль гъэзэуэ Іус Бейдыдж кьуажэм жьыпІ телефон зэрыщ1ымылажьэм кьыхэхьІы. Бечелов Ильяс кьыгъэгугъащ а тхьэусыхэфэр жьыпІ телефоным и операторхэмрэ Промышленностымкіэ, связьмкІэ, информатизацэмкІэ министерствэмрэ яхуигъэхьыну.

«Хуэжьэхэм, куейхэм я Іэтащ1ьэхэу, хабзэгъэзыв зэхуэсхэм я депутатхэу дыщ1ытхэу дэ щ1ыхуэхр псыкІэ кьызэгъэпэщыным и Іуэхур зэфІэдмыгъэкІыфмэ, дыщ1ылажьэм и мыхьэнэр сЛъагъуркъым. Щ1ыхуэхр зыхуейзыхуэфІхэмкІэ кьызэгъэпэщыным и мыхьэнэр апхуэдизкІэ гурыІуэгъуэщи, абы ущІытепсэлъыхьыхьхэни щ1ыІэкъым», - кьыхигъэблэджьыныкІащ Бечелов Ильяс.

ШУРДЫМ Мадинэ.

● Нобэ

Лениным и зэманыр зэи блэкІынукъым

Мэлыхьыхьым и 22-м илъэси 141-рэ ирокъу Ленин Владимир кьызэралъхурэ. Дунейм кьызэрытехъуэрэ щ1ыхуэм дэ ди деж къыхэзащ лъэпкъхэм и екІуэкІынур зыкъомкІэ зыубзыхуфаэм я щІэхэр. Зэман дэкІмэ, абыхэм ящыщ куэдыр тхыдэм хэгъуэщ1ынущ. Абы кьызэрыгъэпэщащ ди къэралым, урысей армэр, ди щэнхабзэр, ди лъэпкъ щынагъуэнщагъэр. А псоми я фІыгъэкІэ фашизмым дытекІуэрэ. Бэракъ Плъыжьыр Берлин и рейхстагым щыІэдзащ. Лениным игъэува лъабжьэм дытету ди къэралым хуэфІэкІащ япэу хъэршыр къигъэІурыщІэн.

ЛЕНИНЫМ и зэманыр блэкІакъым икІи зэи блэкІынукъым. Абы и гупсысэ гъуэгуанэ зэщІэубгъуэ. Ди къэралхэрэ континентхэмрэ. Абыхэм кьызэщІагъуэшэ дунейм и лъэпкъ псори. ИкІи а гупсысэхэм фІыгъэ имыІэу гъуэгу яІуэтынущ. Щхьэусыгъуэр зы закъуэщ: абыхэм лэжьакІуэ щІыхуэм и дежкІэ захуагъэ зыхэлъ хабзэхэр яІэуэ.

Лениным хуэдэ вождь дунейм тетакъым. Ар теоретик гъуэзэджэт, гъащІэм куу дыдэу хэзыщІыкІт, ерджагъэшхуэт, щІыхуэхэр дэзыхьэх псэлъакІуэт, къэралыгъуэм и лъэпкъ ящыщ лэжьакІуэ Іущт. Абы и фІэщ хъурт щІыхуэм къарууншхуэ зэрыкъуэлъыр. Ленин Владимир фІы дыдэу илъагъурт щІалэгъуалэр. Абы ар кьилъытэрт коммунист псэукІэ дызыкъуэкІуэнум и уэхакІуэр. Псом хэмыдэу и нэІэ тригъэтт сабийхэм.

Лениным кьылъысыр зауэбанэхэм зохаф щІыпІэ, лъэгуажьэмыщхьэу яГъэтІыса къэралырщ. Икіи илъэситху нэхъ дэмыкІыу Урысейр кьэралыгъуэшхуэу зэфІигъэуважьэфащ. Лениным и уибзыуа экономикэ лъабжьэхэм Сталиным Іэмал кьратащ зы илъэсым Іэмал щІэшхуэу щиц нэхъ мыНэхъ машІэ сабийхэм папщІэ ихуэзыну.

Хэку зауэшхуэм и пэкІэ а зэманым сыт и лъэныкъуэкІи езэгъ завод винни 6-м щІигъу яутІыпщауэ щытащ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, граждан зауэм и ужькІэ ди къэралым зы кхъУхьлъатІ, зы танки, зы трактори, зы комбайни иІакъым. Арщхьэкіэ илъэс 20 дэкІри, фашистхэм я пэуваущ дунейм щынэхъыбырІ Т-34 танкымкІэ, мафІэр кьызэрылъэлъ «Катюшэ»-мкІэ, Ил-2 кхъухьлъатэ ІуэзэздэжмкІэ.

Лениным гулъытэшхэу хуищІырт пащтыхьым и зэманым хэкІуэдэж пэта лъэпкъ щ1ыкІуэм. Совет властым и зэманым ди республикэм ухуэныгъэр хуабжьу щ1ыхуэзыбжащ. «Искож», «Телемеханика», электровакуум, «Тэрчалмаз» Іуэхущ1апІэ инхэм хуэдэ хуэд яухуащ. Дэ ДзІэ хъуащ зи Іэщ1агъэм куууэ хэзэщ1ыкІ лэжьакІуэхэр, Іэщ1агъэлІэхр. Къэбэрдей-Балъкъэрым нартхуэ кьеІэІэнымкІэ СССР-м ягъэ увыпІэхэм ящыщ зыр щ1ыгъащ. Абы пл1энёйрэ къэрал дамыгъэ ІьапІэхэр щІэратащ - Ленин орденыр тІу, Октябрь Революцэм и орденыр, Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэ орденыр. А псоми кьыхэкІыу, дэ, коммунистхэм, ди уэзэщІакІуэ ІьапІэр къыщІалъхуэ махуэм дригушхуэу жьитІэфынущ ар зэрыуахъхьышэр. Ар зэи ящ1ыгъуэщ1ынукъым ц1ыху хьэлэл псоми.

«Лениным и акъылыр сфІэтелъыджжэщ... Иджыри къэс щ1ыхубэм и тхыдэм зыми щ1ыхуэзэкІакъым апхуэдэу ц1ыхуэхр зытхъэкъуфын, хьэлэлу яхуэлэжьэфын. Абы и фэеплъыр Іэщ1ыгъуэхэм яхэгъуэщ1жынкъым», - итхащ франджы тхакІуэ ц1эрыІуэ Ролран Ромен. «Лениным и Іуэхуэм зыщегъэужьыбдэт дуней псор, абы щ1ызекІуэ напэнщагъэмрэ леймрэ. Апхуэдэ ц1ыхуэхр ильэсищ1ым зэ дунейм щ1ыхьжкІэ. Гъащ1эм гу щ1ымыхуам и закъуэтэкъым, ар ц1ыхум Іэфі щ1ыщ1 дахагъэ куэди зыхиш1эну, и псэр зыщ1эхъуэпсэхэр зыІэрит1ъхьэнуи хунэсакъым илъэс 22-м нту дунейм ехьжа Анскьыкъуэ Ратмир.

2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м, гъубж щ1ыдджыжьым, сыхьэти 8-м машинэ зэжьэхуэуэм хэкІуэдащ адэанэми, къуэщхэми, ныбжьыгъуэхэми, благъэхэми, Іыхьлыхэми «вагъуэ» пэлъытэу яхэта щІалэ жаныр. ВаГъуэм пащІ хабзэр зи теплъэкІи, зи псэлъэкІэкІи, зи ц1ыху хэтыкІэкІи, зи гу къабзагъэкІи зыхэтхэм кьахэщу Іэхэм къыгъэщІ ц1ыху зауэгъэкъуэхэрщ. Апхуэдэт Ратмир. Ауэ абы и вагъуэр куэдрэ блэну кьыхунухатэкъым. Нэхъ ин дыдэт, нэхъ цІу дыдэт ар, ауэ нэхъ гъащІэмащІэт. Зэкъуэщхэм Ратмир нэхъ лъагэт, сыт хуэдэ Іуэхуми нэхъ тегушхуэрэ, и къарумрэ зэфІэкІымрэ къигъэгугъэрти, дэни щ1ыпэт.

Епкълъпкъ зэкІуэжьм, ущ1ызэкІэщ1ыпІ изгу кьабзэм, ущ1ызэщ1ыгуГъэм темытмэ, я щ1эныгъэм хуабжьу зрамыгъэужьмэ, щ1ыхубэр гуГъуэхь инэм зэрыхэхуэнуи. Ленин Владимир апхуэдэ гупсысэ кьабзэхэм псоми хуиущ1ыр.

ЩЫХЪАЛЪ Заирэт,
КьБР-м и Парламентым и депутат, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и яп1э секретарь.

● Зэ1ущ1эхэр

Мылъку хъарзынэ хухах

КъБР-м Транспортымрэ гъэуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и коллегием и зэІущІэм нэгъабэ зэфІагъэкІахэм щыхэплъэжащ, апхуэдэу дяпэкІэ кьапщ1ыт кьалэнхэр щагъэбелджылащ.

ГЪЭ КІУАМ транспорт Іуэхутхьэбзэу сом мелярди 2-м щІигъу и уасэ яГьэзэщІащ. Абы щыщу процент 14,5-р щ1ыхуэхэм ящ1ыгъ. Кьалэ щ1ыб, муниципальнэ, щ1ыналъэ зэхуаку маршрутхэм тетыныкэр кьащ1ыхаха зэпеуэ ирагъэкІуэкІащ, ц1ыхуэхэр нэхъ тыншу, щ1ынагъуэншэу кьеІэзэкІым ящ1ыхуэ Іу зэугъуэхэр зэфІах.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэм ипкъ иткІэ, нанагацэ-хьыбарегъащІэ Іуэхутхьэбзэхэм я Центр кьызэрагъэпэщыну икІи муниципальнэ, щ1ыналъэ зэхуаку гъуэгу щІэ зэпыкъущІэ автотранспортым спутник навигацэ системэм и Іэмэпсымэхэр чэзу-чэзукІэ ирагъэувэну кьапэщ1ыт.

Дапщэщи хуэдэу, мы гъэми транспорт Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным, Гъуэгуэм щынагъэншагъэр кьращ1ыгъэгъэпэщыным, хуитныгъэ гуэри ямыІэу ц1ыхуэхэр кьезащ1ыжынымкІэ, щ1ыхуэхэр кьэхутэным тКІийуэ я нэІэ трагъэхьунущ.

Мэлыхьыхьым и 22-м Мэлыхьыхьым и 22-м щІыпІэ щ1ыхьэ зэмыІуэ щ1ыхуэ Іу зэугъуэхэр, абыхэм я Іэшэльашэхэр щ1ыІэ пщалъэхэм ирагъэзэгъ. Налшыкэр Прохладнэрэ я гъущІ гъуэгу воксалэхэр мылъку зэхэльхІэ зэгъэпэщыжьыным теухуауэ «РЖД» ОАО-м иращ1ылІэну зэгурыІуэныгъэ и проектым мыгувэу хэпІэнэщ. Республикэм и Президентым ищІа пщэрэльным тету, дунейпсо мардэм кьытІасэ кхъухьльатапІэщІэрэ транспорт интермодальнэ центрэ уху ным зыхуэгъэхьэзырыныр и кІэм нагъэсынущ.

Министерствэм и лэжьыгъэм и унатІыныгъэ нэхьыщхьэхэм ящ1ыщ гъуэгуэм щынагъэншагъэр кьращ1ыгъэпэщынщ.

2010 гъэм псори зэхэту гъуэгуу километр 216-рэ ятащ, метр 347-м нэс лъэпкъ щІыналъэ зэхуаку гъуэгу щІэ автотранспортым спутник навигацэ системэм и Іэмэпсымэхэр чэзу-чэзукІэ ирагъэувэну кьапэщ1ыт.

Дапщэщи хуэдэу, мы гъэми транспорт Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным, Гъуэгуэм щынагъэншагъэр кьращ1ыгъэгъэпэщыным, хуитныгъэ гуэри ямыІэу ц1ыхуэхэр кьезащ1ыжынымкІэ, щ1ыхуэхэр кьэхутэным тКІийуэ я нэІэ трагъэхьунущ.

Мэлыхьыхьым и 22-м Мэлыхьыхьым и 22-м щІыпІэ щ1ыхьэ зэмыІуэ щ1ыхуэ Іу зэугъуэхэр, абыхэм я Іэшэльашэхэр щ1ыІэ пщалъэхэм ирагъэзэгъ. Налшыкэр Прохладнэрэ я гъущІ гъуэгу воксалэхэр мылъку зэхэльхІэ зэгъэпэщыжьыным теухуауэ «РЖД» ОАО-м иращ1ылІэну зэгурыІуэныгъэ и проектым мыгувэу хэпІэнэщ. Республикэм и Президентым ищІа пщэрэльным тету, дунейпсо мардэм кьытІасэ кхъухьльатапІэщІэрэ транспорт интермодальнэ центрэ уху ным зыхуэгъэхьэзырыныр и кІэм нагъэсынущ.

Министерствэм и лэжьыгъэм и унатІыныгъэ нэхьыщхьэхэм ящ1ыщ гъуэгуэм щынагъэншагъэр кьращ1ыгъэпэщынщ.

2010 гъэм псори зэхэту гъуэгуу километр 216-рэ ятащ, метр 347-м нэс лъэпкъ щІыналъэ зэхуаку гъуэгу щІэ автотранспортым спутник навигацэ системэм и Іэмэпсымэхэр чэзу-чэзукІэ ирагъэувэну кьапэщ1ыт.

Налшык къалэм ар сом мелуан 268-рэ щохъу.

КъБР-м Транспортымрэ гъэуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Лъэмыжхэм йолэжь

Дызытехьа гъатхэм ди республикэм щ1ыхуэ-гъэхьэзырыным хуей Іуэхущ1апІэ зэрыщІэкІ лъэмыжхэм я щ1ыкІэр зыхуэдэр кьэпщІытауэ, сэкъат зиІэхэр икІэщІыпІэкІэ зыхуей хуэгъэзэныр.

КЪАПЩТЭМЭ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэлэжьыжьи хуей дъэмыжи иЭм и бжьыгъэр 30-м ноблагъэти, абы щ1ыщ 6-р зэрагъэпэщ1ажащ, 9-м иджыпсту йолэжь. Къурш1ыщхьэхэм телъ уэсыр кьэткІуу ди псыш1ухэхэм кІиун щ1ыщІадзэ мэкъуэгуэгъуэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм ирихьэлІэу зэрагъэпэщ1ыжьыным хуейуэ иджыри 13 яІэщ.

Уэхуакіуэхэр мы лэжьыгъэхэм щІышІадэ мазэр къызэрихьэрэ пэрытщ. КъБР-м и лъэмыжхуэ управленэу мы Іуэхумкіэ жэуап зыхьым и лэжьакІуэхэм щэч кьытрахьэркъым я кьалэныр и чэзум фІимышу зэрагъэзэщІэнум.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Іэпщэрыбанэ

Саугъэт щхьэхуэхэр

«Динамо»-м Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ и еханэ республикэ зэхьэзэхуэ «Налшык» спорт Іуэхущ1апІэм щекІуэкІащ. Мили1цэм и дейтенант и къэкІуэ Аулъэ А... Іэнатіэ щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэу зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я фэеплъ зэпеуэм кьрихьэлІат КъБР-м и къаруэхьэ Іэнатіэхэм я гуп 33-м яцІыкІу «Динамо» зэгухьэныгъэм хэтхэр.

ЗЭКЪЭЗЭХУЭМ кьрихьэлІа хьэщІэ лъапІэхэм ящІущ къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкі я министру КъБР-м щыІэ, полицэм и полковник Васильев Сергей, КъБР-м Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ и федерацэм и президент Мамэрэ Хьэчим, КъБР-м щыІэ МВД-м и криминальнэ милицэм и гуп хэхам (ОМСН) и унафэщІ полковник Щоджэн Кьадир, КИФШІ-м Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ и федерацэм и унафэщІ Кьаныкъуэ Заур, «Динамо» зэгухьэныгъэм и гуп 33-м щІыщІэ Іэнатіэ-щхьэхуэхэр щІыналъэ щІыналъэ кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ Фролов Сергей сымэ, нэгъуэщІхэр.

Гуп зэпеуэм япэу увыпІэр хэшыкащ КъБР-мкІэ МВД-м и Криминальнэ милицэм и ОМСН-м и спортсменхэм. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр эдагуэщІащ Куба кьуажэм кьикІахэмрэ налшыкдэсхэмрэ. Саугъэт щхьэхуэ ираташ зэпеуэм хэта спортсмен нэхъыщІэ дыдэ Хьаир Кьанибулэт. Нэгъуэй Елдар - «Текіуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщІ», КІэбышэ Рустам - «Зауэ нэхъ кІэщІ дыдэм папщІэ» саугъэтэхэр зэрагъэхьэщащ. «ЗэуэкІэм хуэІэкІуэльакІуэ» саугъэтэр Кьэнэмэт Астемыр ираташ.

Я закъуэу зепеуэм щыщу пашэ хьуахэщ Тхьэкъуахъуэ Мартин, Нэхущ Йислъам, Кьэнэмэт Астемыр, Кьуэныкъуей Астемыр, Шорэ Альберт, ГъущІапщэ Туэем, Тенджыз Алим, КіуэлІу Анатолэ сымэ. Ахэр я гъэсэгъэ тренерхэу Мамэрэхэ Хьэчимрэ Іэдэмрэ, Дыджэ Алим, Факьуэ Аэмэт сымэ.

Зэпеуэм щытекІуахэм спортым и мастерым и кандидатхэм я мардэхэр, адрейхэм спортымкІэ я разрядыр яГьэзэщІащ.

УЭРДОКІУ Э Идар.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Игуэ нэмысу зи вагъуэр ижа

Анскьыкъуэ Ратмир МуІзед и къуэм и фэеплъу

«Араш и хабзэр дунеижьым: кьытохьэ зыр, адрейр токІыж, Іуэтщ1ыхьщ1ыжькьым ди нэхьыжьхэр, нэхьыщІэ куэди тхэмытыж», - жьы1а Мыкъуэжь Анатолэ и ужьм щІэлъ гупсысэр щхьэм щ1ызольатэ. Ажалым щ1ыхуэпсэр кьызэрыуГъ, лІэщ1ыгъэм щ1ыхуэгур зэрыщІэщІыгъ, гуэзэгъуэм гъащІэр фагъуэ зэрищІыр зыуи кьызымыдзэ дунеижьым и хабзэхэр гкІийщ.. Гур хэщІыи, акьылым фІыуэ кьыгуроІуэ щ1ыхуэ гъащІэр зэрымыдахьышІыр. Жагъуэщ гъуэзэ нэхуэхьу уи нэхьыжьхэр щІэщІкІыныр, уи жьантІэр зыІэ кьобжьыфІэхэр щІэльльхьэжьынур, ауэ...

ГУМ ДЫРКЪУЭ тридзэм кьыщымынэу, дыгъэпс махуэ щІэрщІэри пщагъуэу кьыпщІегъэхьу зи псэугъуэ, зи кьарурылытыгъэ, гъащІэм гу щ1ымыхуа, зи псыпэр езыпщэжьа къудейр дунейм щсыжкІэ. ГъащІэм гу щ1ымыхуам и закъуэтэкъым, ар ц1ыхум Іэфі щ1ыщ1 дахагъэ куэди зыхиш1эну, и псэр зыщІэхъуэпсэхэр зыІэрит1ъхьэнуи хунэсакъым илъэс 22-м нту дунейм ехьжа Анскьыкъуэ Ратмир.

2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м, гъубж щ1ыдджыжьым, сыхьэти 8-м машинэ зэжьэхуэуэм хэкІуэдащ адэанэми, къуэщхэми, ныбжьыгъуэхэми, благъэхэми, Іыхьлыхэми «вагъуэ» пэлъытэу яхэта щІалэ жаныр. ВаГъуэм пащІ хабзэр зи теплъэкІи, зи псэлъэкІэкІи, зи ц1ыху хэтыкІэкІи, зи гу къабзагъэкІи зыхэтхэм кьахэщу Іэхэм къыгъэщІ ц1ыху зауэгъэкъуэхэрщ. Апхуэдэт Ратмир. Ауэ абы и вагъуэр куэдрэ блэну кьыхунухатэкъым. Нэхъ ин дыдэт, нэхъ цІу дыдэт ар, ауэ нэхъ гъащІэмащІэт. Зэкъуэщхэм Ратмир нэхъ лъагэт, сыт хуэдэ Іуэхуми нэхъ тегушхуэрэ, и къарумрэ зэфІэкІымрэ къигъэгугъэрти, дэни щ1ыпэт.

Епкълъпкъ зэкІуэжьм, ущ1ызэкІэщ1ыпІ изгу кьабзэм, ущ1ызэщ1ыгуГъэм темытмэ, я щ1эныгъэм хуабжьу зрамыгъэужьмэ, щ1ыхубэр гуГъуэхь инэм зэрыхэхуэнуи. ЗыІэпэщэрт, и псэлъэкІэ щабзмрэ и хъуреягъыр зыгъэнэщхьэфІэ и гушыІэкІэмрэ уэзэщІаІэтэрт, гъунэ яІэтэкъым и хьэлэлагъымрэ и псэ кьабзагъымрэ. Дагъуэ зимыІэ ц1ыху щ1ымыІэу зи Іаемэ, Ратмир абы щэч кьытрыуигъэхьэу апхуэдэт. Ц1ыху куэдым дрэжьэгъуэ яритыбырт абы. Ар адэ-анэм яхуэгумащІэт, и къуэщхэр и гулытэ щІигъащІэртэкъым, дрихьей-кьрихьэхуэу игъафІэрт и къуэш нэхьыкъым и къуэ Азрэт ц1ыкІу.

Іуэхуншэу, нэщхьейуэ е и закъуэу унэм щІэсу зэи пльагъэнутэкъым. Ар сыт ещ1ыр щІэлъ? Ижагъуэм щІэ кьалэнхэри пащІэу зэфІигъэкІырт, пащІэрт и ныбжьэгъуэхэмрэ хъыджэбэхэмрэ щ1ахуэзэкІи, и Іыхьлыхэм я лъэ хъэщІапІэ щ1ыкІуэкІи. Апхуэдэ хьэлэр кьыхуэсэбэпыну кьысщ1ыхурт лъэ быдэкІэ гъащІэм хуэвэнымкІэ, зэхъуапсэ щ1ымыІэу гъуэгуанэ кІыхь икІунымкІэ. Дэ кьыдгурымыІуа щхьэкІэ, аратэкъым абы и дунейм тетыкІэм къыгъэльагъуэр. ПІалъэ кІыхьым тетыкІэ фІэкІа дунейм темытыну кьызэрихьащІар ищІэж хуэдэ, и лъэр нэхьыбэм зэрыныхсыным, нэхьыбэ зэрыгъэфІигъэкІыным хуэпабгъэу псэууэ арат.

Кьызэкъуихыну хунэмыса и зэфІэкІымрэ и жьыдэрагъымрэ абы фІы куэд кьыхуахьыну кьыщ1ыщхьурт. Абыи лъабжьэ иІэт - курыт школыр кьнуха нэужь, щІэныгъэ зригъэгъуэтат. И ныбжь щ1ынэсым дээм кьулыкъу щ1ищІат, ижькІэ зэгурыІуэныгъэкІэ Щэшэн Республикэм яГьагъуэри, абыи кьулыкъу щрихьэкІат. КъэкІуэжри, лэжьыгъэ Іэнатіэщ1ипІэ нэщІщІи, я цІэр кьыщрИуэкІэ, мы псэужьм ейри кьыфІыхоуэри. ИтІани, кьэнаэм я гукъыдэжьыр ядИыгъын, я екъулІэныгъэхэр ядІэтын хуейщи, анэпсэр щыгуфІэкІи и гур ихузынущ; кІэуэ щ1ылыдкІэ нэпсэ ткІуэпс кьыфІыщІэкІынущ; щ1ыблэм щымыІэу кьагъэхъуат, абыхэм я насыпыр зэтрагъэувэу, кьащІэхъуэ щ1эблэм щыгуфІыкІыу псэуныр - арат зэщхьэгъэусэхэм я гурыІуэ щхэр. Арщхьэкіэ, гуГъэ Іофі1эр нахуапІэм дэлъхьэлъэжри, щ1ыхУпсэр нэхъ Іей дыдэу зыгъэхьащІэ бын гузэвэгъэр кьажьэхэуащ. Адэ-анэр зыщІыгуГъа насыпым Іэпапі Ф щ1ыпІэу кьытенащ а гуауэр - Ратмир игъуэ нэмысу щІалъхьэжащ.

«Нэщ1ыбэз хъунти мы ди щІыгур, зыр лІэм - зилІэжтэмэ адрейм» - жиІэташ усакІуэм. Ар пэжщ, армырамэ екІу зихуапэу, гукъыдэж иІэу дапІ щІалІ кьбзэщхуэр зыщІыгъ, кьызыхудашэжа анэр кьелынт? Хьэмэрэ езыр щІыпІэхьжьну зыщІыгуГъа и кьуэр зэрыдахьар адэм игъэвыфынт? ЩІалэ нэхъыжьитІым я щІэгъэкъэун, нэхъыщІэ щ1ыкІуэ зэрыгушхуэ кьуэшым и кхъаблэм ущІэувэнщр гум тегъэхуэгъэуейтэкъэ? Ар кьызэмыкъэльэкІа яхэтакъым а унагъуэм я Іыхьлыхэми, гьунэгъуэми, ныбжьэгъуэхэми, Ратмир зыщ1ыхуу щыта щІалэхэми, хьыджэбзхэми, нэхьыкъэми, нэхьыщІэхэ- ми. АтІэми, анэпсэр нэхъ махэщ, анэгум нэхъ куууэ зыхещІэ кьэхъуэкъащІэр. Япэ дакьикъэхэмрэ махуэхэмрэ ц1ыхуэхэм, нэпсым, гьыбзэм п